

## Enstriksyon Preparasyon Miralax pou 2 Jou

(Dòz Separe)

Refere w ak fich enstriksyon sa a pou jwenn enstriksyon pou konn kijan pou prepare entesten w yo. **Ou pral gen bezwen achte materyèl ki afiche pi ba yo** nan famasi w konn ale a. Si ou genyen nenpòt pwoblèm pou jwenn oswa lokalize materyèl sa yo, tanpri rele kabinè nou an Rezilta tèss sa yo depann de si kolon w byen netwaye epi pa gen anyen ladan l. Poupou (matyè fekal) ki anndan gwo entesten w yo kapab kache maladi ak timè ki kapab prezan. Tanpri, suiv enstriksyon sa yo byen; sinon egzamen yo kapab pa presi oswa y ap bezwen refè yo.

### Lis Apwovizyònman San Preskripsyon:

- 6 konprime laksatif Dulcolax , konprime 5 mg
- 4 Boutèy Miralax, 8.3 ons chak boutèy (33.2 ons Miralax an total)
- 4 Boutèy Gatorade, 32 ons chak boutèy (Pa pran sa ki ni wouj ni vyolèt)  
*(Moun ki souffri dyabèt yo tanpri itilize dlo, G2, oswa Crystal Light olye n itilize Gatorade.)* 128 ons Gatorade an total

**4 epi 3 jou anvan pwosedi ou a**- Kòmanse pran yon rejim ki pa gen anpil fib.

- **BAGAY KI BON POU PRAN:**  
Soup, pwason, blan poul, zèl poul, ze, diri blan, bonbon sèl, yogout antye (limit 2 vè), ji fwi ki klè, te oswa soda ki klè, nouy, espageti, makawoni, pòm detè san po a, bouyon, Jello, sisèt glase ak fwi, sisèt glase, jele, sèl, pwav ak sik.
- **SA KI ENTÈDI YO:**  
Fwi (fre oswa sèch), po fwi, nwa, grenn, legim, rezen, jiwòf (yon kalite epis), ak jele ki gen fwi ladan l.

**2 Jou anvan Pwosedi ou a**- Kòmanse ak yon rejim likid klè nan maten sa a epi kontinye ak li pandan tout jounen an.

#### **BAGAY KI BON POU BWÈ:**

Ji pòm, ji rezen blan, limonad, Gatorade, dlo, te (pa pran lèt), kafe (pa pran krèm), Kool-Aid, bwason dous ki klè, bouyon bèf ki klè, bouyon poul ki klè, sisèt glase, Jello, ak bonbon di (Ki pa Wouj ni Vyolèt).

#### **SA KI ENTÈDI YO:**

Pwodui ki gen lèt yo (lèt regilye, lèt zanmann, tout fwomaj yo, krèm, krèm kafe an poud oswa an likid, yogout, fwomaj kotaj, bè), pwodui lèt "atifisyèl" (lèt soja ak pwodui "san laktoz" yo), nenpòt bagay ki Wouj, Ble, Jòn Abriko oswa Vyolèt, Alkòl (kenpòt kalite a), tout aliman ki gen pilp (ji zoranj) (Ki pa wouj ni vyolèt).

- **6PM:** Melanje yon boutèy 8.3 ons Miralax ak yon boutèy 32 ons Gatorade. *(Bwè yon ti kras nan Gatorade la epi ajoute Miralax nan boutèy la. Souke l oswa brase l jiskaske poud la fonn nèt nan likid la.)* **Moun ki souffri dyabèt yo, tanpri itilize dlo, G2, oswa Crystal Light olye n itilize Gatorade.** EPI
- **A 6PM** Vale 3 konprime laksatif Dulcolax ak dlo  
**Asire w pran anpil likid** paske sa ap ede w pa dezidrate epi sa ap ede nan netwayaj kolon an.

### **1 jou anvan Pwosedi w la**

- **8AM:** Melanje yon boutèy 8.3 ons Miralax ak yon boutèy 32 ons Gatorade. *(Bwè yon ti kras nan Gatorade la epi ajoute Miralax nan boutèy la. Souke l oswa brase l jiskaske poud la fonn nèt nan*

likid la.) Bwè melanj la jiskaske li fini.

- **6PM:** Melanje yon boutèy 8.3 ons Miralax ak yon boutèy 32 ons Gatorade. *(Bwè yon ti kras nan Gatorade la epi ajoute Miralax nan boutèy la. Souke l oswa brase l jiskaske poud la fonn nèt nan likid la.)***(Moun ki souffri dyabèt yo, tanpri itilize dlo, G2, oswa Crystal Light olye n itilize Gatorade.)** EPI
- **A 6PM:** Vale 3 konprime laksatif Dulcolax ak dlo.

### **Jou Pwosedì w la:**

- **5 èdtan anvan lè pou w rive a:** Melanje yon boutèy 8.3 ons Miralax ak yon boutèy 32 ons Gatorade. *(Bwè yon ti kras nan Gatorade la epi ajoute Miralax nan boutèy la. Souke l oswa brase l jiskaske poud la fonn nèt nan likid la.)* Bwè melanj Miralax la jiskaske li fini. **OU DWE FINI L 3 ÈDTAN ANVAN LÈ POU W RIVE NAN PWOSEDÌ W LA**
- **3 èdtan anvan w rive: PA PRAN ANYEN DITOU NI POU MANJE, NI POU BWÈ, NI MENM POU MOULEN** jiskaske w fin fè tès la. Lè w konsome nenpòt bagay apre lè sa a, sa pral lakòz gen yon reta nan pwosedì w la oswa yo ka menm anile l.

Pou kesyon sou pwogramasyon oswa zafè medikal oswa preparasyon yo, tanpri rele nan 239-343-6222

Pou kesyon sou faktirasyon yo, rele nan 239-343-5516